

AVI ELEKSYON MINISIPAL 2024

ABITAN VIL RIVIERA BEACH



ANNAKÒ AK LWA ETA FLORID YO EPI LWA FONDAMANTAL AK KÒD ÒDONANS VIL LA, VIL RIVIERA BEACH PRAL ÒGANIZE ELEKSYON MINISIPAL JENERAL LI ANSANM AK PRIMÈ PREFERANS PREZIDANSYÈL 2024 KONTE PALM BEACH LA, MADI 19 MAS 2024, APATI 7:00 A.M. POU RIVE 7:00 P.M. POU ENKLI VÒT ANTISIPE YO APATI SAMDI 9 MAS 2024 POU RIVE DIMANCH 17 MAS 2024, NAN WELLS RECREATION, 2409 AVENUE H WEST, RIVIERA BEACH, FLORIDA 33404, AVÈK DEZYÈM TOU ELEKSYON MINISIPAL LI A, SI NESESÈ, MADI 2 AVRIL 2024, APATI 7:00 A.M. JISKA 7:00 P.M. ELEKSYON AN AP FÈT ANNDAN LIMIT MINISIPAL YO POU ELI DE (2) KONSEYE MINISIPAL: DISTRI DE AK DISTRI KAT, CHAK KANDIDA POU YON MANDA TWA (3) LANE. MANDA YO AP KÒMANSE APRE SÈTIFIKASYON REZILTA ELEKSYON YO. PRAL GENYEN REFERANDÒM OBLIGATWA POU YON NOUVO LOKAL (POLIS) POU SEKIRITE PIBLIK, YON KAZÈN PONPYE, AK PAK, ESPAS POU AMIZMAN AK REKREYASYON NAN ELEKSYON AN MADI 19 MAS 2024 LA TOU.

JAN SA FIKSE NAN KÒD ÒDONANS VIL LA, PERYÒD OFISYÈL POU KALIFIKASYON KANDIDA YO AP KÒMANSE A MIDI (12:00 P.M.), MADI 7 NOVANM 2023, EPI L AP KONTINYE JISKA MIDI (12:00 P.M.), MÈKREDI 21 NOVANM 2023. MOUN KI SWETE KALIFYE ANTANKE KANDIDA POU YON PÒS KONSA NAN ELEKSYON AN KAPAB FÈ SA LÈ YO DEPOZE KANDIDATI L KOTE GREFYE MINISIPAL LA NAN KONPLÈKS MINISIPAL LA, 600 WEST BLUE HERON BOULEVARD, RIVIERA BEACH, FLORIDA 33404.

MOUN KI AP CHACHE KALIFYE ANTANKE KANDIDA YO DWE SE ELEKTE KI ENSKRI NAN LIS ELEKTORAL VIL LA. KOTE SA APLIKAB, YO DWE TE REZIDE SAN RETE NAN VIL LA AVEK DISTRI KI KONSENE A PANDAN YON (1) LANE AVAN DAT DEPO A. DAPRE LWA FONDAMANTAL AVEK KOD ÒDONANS VIL LA, FRE DEPO POU YON SYEJ NAN KONSEY MINISIPAL LA SE \$1,140.00. TOUT SYÈJ KONSÈY MINISIPAL YO DWE PASE PA YON VÒT JENERAL.

ENSKRIPSYON ELEKTÈ POU ELEKSYON 19 MAS 2024 LA POU ENKLI VÒT ANTISIPE YO, AP FÈMEN A 5:00 P.M. MADI 20 FEVRIYE 2024. ENSKRIPSYON ELEKTE POU DEZYEM TOU ELEKSYON (SI GENYEN) 2 AVRIL 2024 LA AP FÈMEN A 5:00 P.M. LENDI 4 MAS 2024. ELEKTE KI KALIFYE YO DWE ENSKRI NAN BIWO SIPEVIZE ELEKSYON KONTE PALM BEACH LA OSWA ANLIY NAN WWW.VOTEPALMBEACH.GOV/VOTERS/REGISTER-TO-VOTE.

TRADIKSYON BILTEN VOT YO FET NAN ANGLE, ESPANYOL, AK KREYOL. AP GENYEN AJAN ELEKTORAL KI KALIFYE E ANTRENE KI AP PLASE NAN CHAK SIKONSKRIPSYON POU EDE W PANDAN VÒT LA.

REZIDAN KI ENTERESE VOTE PA KORESPONDANS YO KAPAB PASE NAN BIWO SIPEVIZÈ ELEKSYON POU KONTE PALM BEACH LA NAN 240 S. MILITARY TRAIL, WEST PALM BEACH, OSWA NENPÒT BIWO ANÈKS, IKONPRI PALÈ JISTIS KONTE NÒ A NAN 3188 PGA BLVD, PALM BEACH GARDENS. POU YO KA VOYE YON BILTEN POU VÒT PA KORESPONDANS NAN LAPÒS POU OU, RELE NAN (561) 656-6200 OSWA VIZITE SIT ENTÈNÈT LA NAN WWW.VOTEPALMBEACH.GOV/VOTERS/VOTE-BY-MAIL.

DAPRE LWA 1990 SOU AMERIKEN ANDIKAPE YO, MOUN KI BEZWEN ARANJMAN ESPESYAL POU KALIFYE ANTANKE KANDIDA TA DWE KONTAKTE BIWO GREFYE VIL LA NAN 561-845-4090 PA PITA KE 48 ÈDTAN AVAN PERYÒD KALIFIKSYON AN LOUVRI. SI OU GEN PWOBLEM POU TANDE, TELEFONE SEVIS RELE (RELAY SERVICES) FLORID YO POU ASISTANS NAN 1-800-955-8771 (TDD) OSWA 1-800-955-8770 (VWA).

TANPRI, PRAN DISPOZISYON POU KONFOME NOU ANKONSEKANS.

MADAM TAWANNA KING 21/9/23

Poste Jedi 21 Septanm 2023, a 10:00 am

**TAWANNA KING
GREFYE VIL**